

ПИКРУ

**Бечелъиялъул ва мискинлъиялъул хIакъалъулъ...**

Стр. 2

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

**ЛъаратIа МФЦ рагьана**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 13 * август 2016 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гь.


*байрам*

# ЛъаратIа районалъе 90 сон

**Гьале исана сверулеб буго 90 сон ЛъаратIа район гIуцIаралдаса нахъе. Нилъер район рикIкIуна мугIрузул районазда жаниб бищунго цебе районалъул статус щваразул цояблъун. Гьеб 90 сон тIубаялъул юбилей гIицIго ЦIамагIуриб гьабун течIо. Республикаялъул бетIерас жиндир рахъалдасан жамагIаталъе концерталдалъун гьабуна цойги гьитIинаб сайигъат.**

Августалъул кIиабилеб къоялъ Рамазан ГIабдулатIиповас районалда цIияб МФЦ рагьулеб тадбирги лъугIун жамагIат ахIана концерталде. Гьеб тIобитIулеб букIана ЛъаратIа культурияб рукъалъул кIудияб залалда. Киналго актералги, концерт тIобитIулел чагIиги рукIана ппрофессионалал, кIудияб гьунаралъул ва махшалил актерал, артистал. Цоцоял Москваялдаса рачаралги рукIана. Гьеб букIана Рамазан ГIабдулатIиповас абухъе жинца районцоязе гьабураб гьитIинабго сайигъат.

Концерт байбихьилелдего, пачалихъияб гимнги ахIун хадув, кIалъазе цеве вахъана районалъул бетIер Ражаб Ражабов. Гьес тIоцебе баркана районцоязда кIудияб байрам ва рикIкIана районалъул экономикияб, культурияб ва социалияб рахъалъ бергьенлъаби. РакIалде щвезаруна районалда цIаларал гьунар тIокIал чагIи, махшелчагIи ва гьединго политикиябгун спорталъул рахъалъ церетIурал районцоял. Къокъабго кIалъайги гьабун гьес рагIи кьуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасе.

Республикаялъул бетIерас гьединго баркана районцоязда праздник ва бицана район цебетIеялъе хIажатал шартIал. Гьесул рагIабазда рекъон тIоцебе нилъеца кIвар гьабизе ккараб жо буго мугIрузул росаби цIуни. Гьел цIунизе ккани хIажалъула гIолохъанаб гIел гIатIиракьалде гочинчIого цIунизе ккей. Гьеб халат бахъараб масъала бугила, гьелъие гIоло чIезаризе ккола гIурал шартIалги росулъ, условиялги бигьалъабиги. ГIицIго ВатIан бокьи гIолеб гьечIила росаби рехун течIого хутIизе. ГьабсагIаталда росулъ ватуларила цониги захIмат бокьулев чи, гIицIго ГIабидов МухIамадихъе ун пенсия гьабизе лъалев гурони-ян махсаро гьабуна республикаялъул бетIерас. Бекьулеби, бухъулеби, гIезабулеби дагьъулеб бугила росабалъ къойидаса къойиде. Гьедилъиндал гIолохъанаб гIелалъ мисал босизе ккелила жидерго умумуздасан ва лъазе ккола киналго инсанас гIумру гьабиялъе хIажалъулел шартIазул къимат. Гьединго Рамазан ГIабдулатIиповас ракIалда щвезаруна районалда цере рукIарал захIмат бюокьулел, мустахIикъал хIалтIухъаби, росдал магIишат гьабиялъул захIматчагIаздаса районалъул нухмалъиялда рукIарал хIакимзабазде щун. ГIицIго республикаялъул бетIерасул цIар рехсолел рукIинчIого щайила рехсоларел цере рукIарал районалъул нухмалъулезул





цIарал. РакIалда щвезаруна районалъул бетIерлъуда рукIарал МухIамад ГьитIинов, Жаватхан ГIалиханов, Шамиль Расулов ва гь.ц.

Республикаялъул бетIерас цIар ахIун цере рахъизаруна ва шапакъатал кьуна районалдаса гьунар тIокIал кочIохъабазе, артистазе, захIматчагIазе, тохтурзабазе ва гьединго лъикIал мугIалимзабазе. Сценаялда тIадеги ахIун, республикаялъул халкъияв кочIохъан абураб цIар кьуна Къурбан КIулизановасе. Гьенибго лъугьана цо-цоязе кепаб, цогидазе цо санат гьечIеб гIадаб хабар, Рамазан ГIабдулатIиповас Къурбан КIулизановасе шапакъат кьун хадуб, тIоцебесес залалдеун гьабураб кIалъаялъулъ.

Рамазан ГIабдулатIипов: «Цо чанго соналъ цебе нилъерго районалдаса цо ахIмакъзабаз квер борхана культураги бичIчIулев, кечI-макъанги лъалев, жидерго ракьцояв Къурбан КIулизановасде. Гьез гьев вухана. Щибго гьунарги гурел, тарбиягун гIакълуги щвечIеб къавм бокьахъе хьвадулеб заман букIана гьеб. Бегьуларо тIоцебе нилъецаго нилъер къадру-къиматги хвезабун хьвадизе. ГIолохъанаб гIелалъеги бегьуларо гьединал ахIмакъзабаздасагун наркоманазасан мисалги босун хьвадизе»

Гьел рагIабаздаса хадуб гIодор чIаразул цIакъ гьира ккана живго республикаялъул халкъияв кочIохъанасул кIалъаялъухъ гIенеккизе. Амма гьев цо расги вихха-хочун лъугьаравгIадин ккечIо. Босун микрофонгун, борхатаб гьаркьиалъун гьес залалдехун кIалъай гьабуна.

Къурбан КIулизанов: « Хириял районцоял, дун цIакъ чIухIарав вуго жакъа нужеда цеве вахъун чIезе, хасго цIияб, Дагъистаналъул халкъияв кочIохъан абураб цIарги кьун. Дун цIакъ вохарав вуго дир кечIги, дир макъанги, дир рокьулел ва гьезул магIнагун къимат гьабуел чагIи гьанир ратиялдаса. Дица кечI гьабула нужее гIоло, дица ахIула нужее гIоло. Жеги лъугIун гьечIо гьарулел ва ахIулел кучIдул, дун гьанжего гьанже байбихьун вуго. Дир халкъ-дир чIухIи !!!!»

*Ахир 2 аб. гьум.*



байрам

# ЛъаратIа районалъе 90 сон

*Байбихьи 1 аб. гьум.*



Гьединал хинал рагIабиги залалдехун ахIун риччан, халкъияв кочIохъанас сцена тана ва жиндирго халкъалда гьоркьов гIодов чIана.

Хадуб байбихьана кIудияб концерталъулгун театралъул программа «Жизнь горца» абураб цIаралда гьорлъ. Гьелъул режиссер Виктория Рахлинская нилъеда лъала Дербенталъе 2000 сон тIубаялъул юбилеялде гьелъ бахъун букIана кино «Гончарный круг: от Дербентской крепости до ворот Кремля» абураб. «Жизнь горца» театралда гIахьаллъи гьабуна кIудияб махшелалъул, республикаялъул мустахIикъал актераз, артистаз, кочIохъабаз ва гьединго фошльклоралъулаб ансамблял «ЛъаратIа», «БежтIа», «Унсоколо», «ХIебда», магIарулазул ва лъарагIазул миллияб театралъул актерал ва гь.ц.

Гьединго гIахьаллъи гьабуна машгьурал кочIохъаби ТIагьир Къурачевас, ГIабдула МухIамадмирзоевас, Мухсин Камаловас ва гь.ц.

Концерт лъугIарабго шапакъатал кьуна районалъул мустахIикъал хIалтIухъабазе, кочIохъабазе, захIматчагIазе ва гьунар тIокIал артистазе.

**Расул АБАКАРОВ**

спорт

## Волейболалда бергьенлъи

**Исана Хунзахъ районалда тIоритIана ясал-школьницаязда гьоркьор Дагъистаналъул чемпионат волейболалъул рахъалъ.**

ЛъаратIа районалдаса командаялъ гьениб гIахьаллъи гьабуна тIоцебесеб нухалъ. Цереккун нилъ гьенире рорчIулароан киданиги. Исана гьениб гIахьаллъи гьабуна Мазада гьоркьохъеб школаялъул командаялъул ясаз. Гьел рахъана къецазда финалалде ва финал тIобитIизе кколаан МахIачхъалаялде, амма щаяли лъаларо гьел инчIо.

Спортзалги гьечIеб, риидал гурони къецазде хIадурлъизе ресги гьечIеб, хасало кIиго моцIалъ гурони бакъги щолареб Мазада школалдаса команда гьединал захIматал къецазде рорчIи буго кIудияб гьунар.

Гьеб буго Мазада школалъул хIалбихьи бугев тренер-мугIалим Маирбек ГIалиевасул гьунар. Рес гьечIого хIажатаб буго гьединал спорт хириял цIалдохъабазе ресал ва шартIал щвезе.

**P.S Хириял ЛъаратIа газеталъул цIалдолел, гьаб макъала нижехъе битIун букIана Мазада школалъул мугIалим ГIалиев Маирбекица. ГIилла кинаб ккараб лъачIо, гьеб макъалаялъул кагъат нижехъе щвечIо ва нижерго мухбирас цIидасан хъвана макъала гьеб турниралъул хIасилалги лъазарун.**

**ЧАКЪАЛОВ**

пикру

# Бечелъиялъул ва мискинлъиялъул хIакъалъулъ

**Щай аб хIалалъ какизе кколеб бечелъи, гьес мискинасе садакъаги кьолеб бугони, пачалихъалъе налогги кьуни, буголъиялдаса закагIатги бахъани?**



ЦIакъ гIемераб гIасрабазул гIакъиллъиялдаса кицаби, биценал, абиял руго бечелъиялъулги мискинлъиялъулги хIакъалъулъ. Гьел киналго абиязулъ ва кицабалъ инсан ахIулев вуго щвараб жоялда гIей гьеабизе, кьун щиналда щукру ва щванщиналъе рецц гьабизе. ХьантIиялъ ва гIурхъи лъангутIиялъ чи кьосиналде ва кIудиял балагьазде рачиналъул мисалал руго гIасрабаца такрар гьарулел. Цогидаб рахъ босани, щай аб хIалалъ какизе кколеб бечелъи, гьес мискинасе садакъаги кьолеб бугони, пачалихъалъе налогги кьуни, буголъиялдаса закагIатги бахъани? Гьелдаса кIудияб кириги даражаги щиб букIинеб? Киназдасаго загьидал (аскетал) рахъани хур лъица бекьилеб, бокь лъица бахъилеб, боцIи лъица хьихьилеб?

Суалазда хадур суалал, рачIаха жавабал ралагьизе. МагIарулазул тарихалда гIемер бицунел ва бечедал абун машгьурал чагIи рукIана ХIоцоса Нажмудинги ЧIикIаса Парзулавги. Нажмудин большевикаца чIвана имам хIисабалдаги, бечедав чи хIисабалдаги. ТIубараб коммунист партиялда гьоркь улка бугеб лъабкъоялда анцIабго соналъ гьесде чороклъи тIолаго ва рогьрал ралаго аслияб рогьо гIадин рехсолаан гьесул бечелъи, боцIи гIемерлъи ва ракьазул кIодолъи. Гьединаб букIана пачалихъ ва идеология. Лъицаниги хIисаб гьабулароан гьес боцIи хьихьизе гIадамазе кьураб ресалъулги, бахъараб закагIаталъулги, хьихьарал бусурбабазулги. Рогьоб ишлъун рикIкIунаан бечелъи коммунистаца. ГIемерал биценал руго ЧIикIаса Парзуласулги.

Парзуласда хурхарал биценал руго чи кантIизавулел, гIакъилал, цохIо бечелъиялъулъ гIумруялъул магIна гьечIолъи бихьизабулел, инсан кантIизавулел. Парзуласул заманаялдаги гьесие ва сверухъ ругезе букIана гьеб бечелъи ссиялда. Бицен буго гьанив гIодобльиялда бечедавин цIар арав цо лъарагIас жиндир буголъи бихьизеян Парзулавги ахIун чIахIиял цIолбол ахал рихьизарун ругин. Гьезухъги валагьун Парзулас абун бугила, бугинха дур гIезегIан кIудияб ах, амма дур щибаб цIолбол гьветIалда гьоркь дида цо-цо чу бухьизе кIолинха. Гьебги буго бечелъи ссиялда букIин бихьизабулеб мисал. Амма бицен буго хварабго Парзулас жиндир кверал молодаса гьоркье далун риччай, чIового унevлъи бихьизеян васигат гьабунин.

БитIараб гьереси лъаларо, бицен буго гьединаб. Гьаб киналдасаго нилъеда цебе бачIунеб буго кIвар бугеб суал. Бечелъи лъикIищ, квешищ абураб? ХIакъаб жо киназго абила, лъикI, хIалалаб боцIи гIезабулеб бугониян. Цогидаб абила чи материалияб рахъалъ бечелъанагIан бачIунин рухIияб хъарцинлъи, киналъего гIурхъи лъикIаб бугин. Гьеб суалалъе жакъасеб цебе тIураб дуньялалъул тIалабазда рекъараб жаваб батана Уругвай пачалихъалъул президентлъун вукIарав Хосе Мухика абурав чиясул яшавалъул хIакъалъулъ цIаларабго.

Араб соналъ ана гIумруялъул 77 сон барав чи хъулхъалдаса нахъе. ЦохIо болжалалъ гурони вукIинеги вукIинчIо. Живго Мухика вукIана вегетарианец ва аскет. Президентлъун вукIаго гьес гIумру гьабулаан цо рехъун тараб фермаялда къваридаб рокъоб. бачIанщинаб харжги кириялъухъ бикьулаан.

Уругваялъул гьоркьохъеб харж рагIула 775 доллар, гьедигIан гурони чIезабун гьечIо Мухикаца жиндиегоги. "Дида абулеб буго дунялалда бищунго мискинав президент абун. Щай дун мискинав вукIунев дир бугеб жоялдаса разияв чи.Мискинал руго буголъиялъул лагъзалги лъугьун гIумруялъ гьеб бакIарулел чагIи" - ян рикIкIунеб буго Мухикаца. Амма гьес бищунго дунял хIикмалъизабуна Рио ди Жанейроялда букIараб саммиталда пачалихъазул бутIрузда цебе лъураб суалалъ. Мухикаца лъуна чIван къотIараб суал: "Нужер киназго абулеб буго дунял бечелъизе кколин, бечелъиги нужер бичIчIиялда буго гIемер кванайги, багьаяб ретIинги, чи рикIкIун рекIине автомобиль букIинабиги. ХIисаб гьабеха, дунялалда вугев 7 миллиардалдасаги чияс нужеца гьабурабги гьабуни, мискинаб Африякалъул пачалихъазгун индйцаз Америка, яги Германия гIадин автомобилаздаги рекIани, кигIан кислород хутIилеб планеталда ва щиб лъугьинеб дуняламдаса?" - ян.

Гьеб суалалъе жаваб букIинчIо саммиталда. 2015 абилеб соналъул марталда Хосе Мухика президентасул хъулхъалдаса нахъе ана Конституциялда рекъон дунялалда вищунго мискинав ва вацIцIадав президент абураб цIарги босун. Гьев азарцIул талихIав вуго хутIараб гIаламалдаса. ГIадада абулеб жо букIун гьечIогури магIарулацаги захIматалъулъ бугин рахIат абун, ай бацIцIадаб яшавалъулъ абураб магIнаялда. Руго цойги тIарикъаталъул устарасул рагIабиги: " РахIатаб жо буго мискинлъи" абурал. Гьеле гьеб "мискинлъи" ва "бечелъи" абураб рагIи нилъер пачалихъалда цин гьунарлъун, цин рогьолъун рикIкIана батIибатIияб заманалда. ГIурхъи цIунизе кколеб батула сундулъго, гьелъ къосине толаро инсан.

Хабар лъикIаб рагIайги!

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

цIиял харбал

# ЦIамагIуриб субботник тIобитIана



**ЦIамагIуриб праздник тIобитIун хадуб, тIоцебесеб августалда гьениб тIобитIана кIудияб субботник. Гьеб рацIалъи цIуениялъул тадбиралда гIахьаллъана киналго росдал администрациязул бутIрул, районалъул администрациялъул ва киналго идарабазул хIалтIухъаби.**

Байрам тIобитIулаго рацIалъи цIунизе киналго шартIал гьенир чIезарун ругониги гIемераб кьицникъул данде бакIарана гьениб. Субботник тIобитIизе букIин цебеккунго лъалеб букIана ва цо чи хутIичIого киналго гIахьаллъана гьенир.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас хIалтIи лъугIун хадуб киназулго хал-шагги гьабуна ва баркала кьуна берцинаб хIалтIи гьабиялъухъ. Гьес тIадеги жубана, ЛъаратIа районалъул гIадамал кидаго рукIанин гьобол-гьудул хириял, тIаде рачIаразул адаб цIунулеллъун.

Нилъеда лъала лъикI хIалтIизеги, хIухьбахъи гьабизеги.

Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго гьал арал кьоязда гьаб мугIрул борхалъиялда тIобитIараб кIудияб байрамалъ ва жакъа нилъеца гьабураб берцинаб хIалтIуца.

**ЧАКЪАЛОВ**

*литературияб бокIон*

## Рамазан ГIабдулатIиповасде

Дагъистан чIухIарав лъебелазул цIум,
ЦIунаги Аллагьас чармил къвакIи къун.
Къолбода нур барав гIакъилав инсан,
ГIумру халалъайги дуй ТIадегIанасю.
ХьуцIилъе тIерхьунеб Дагъистаналъе,
Бичасул хIалкIолъи хIалай мун кьурав.
Зулмуялъ мерхьунеб улка-ракьалъе,
Чапар, мун витIана хвасар гшьабеян.
Къого соналъ цеве мун щваравани,
Щапун инаандай сахал бахIарзал.
ГIурччинаб вертолет кватIинчIебани,
ВатIалъилаандай СагIид-Афанди.
Алжан бакьулъ тайги дурр эбел-эмен,
Мун Дагъистаналъе сайгъат гьавурал.
ГIелму-лъай цIикIаги дурр кьибилавлъе,
Дур къадруги цIунун хъулухъ гьбабизе.
Васал гIемерлъаги Дагъистаналда,
РитIухъал, рацIадал, дуй хIалай чIолел.
Ясаз берцинлъаги гIагараб тIалъи,
ГIакълу-лъай бергьарал, намус бацIадал.
Мурсалат МуртазагIалиева. Начада росу.
Давудил вас Мурадиде хъвараб назму
Гьавуравги лъачIев, гIуравги лъачIев.
Гьимун кIалъан гурев жавабги кьечIев.
Аллагьесейищ мун цIикIун вокьаравы?
ГьедигIан бигьаго ватIа гьавизе.
Берцинго рукIана, лъикIго рукIана,
Лъалелдего ккана захIматаб унти.
Лъидаго лъаларев вас мун вукIана,
Къадар бергьанилан ваччун вачIана.
Лъадиги берцинав, лъимал беринав,
Дунял гьабиялда хадув гIунтIарав.
МагIишат берцинав,гIамал берцинав,
Огь, берцинав Мурад дуй щиб лъугьараб?
Ихдалил тIегь гIадаб дурр гIумруялда,
Аллагьищ гIунтIарав, гIадамищ гъурав?
ТIогьол гIаркьел гIадал гIисинал лъимал,
Лъадул тIалабалде кинан рехарал?
Дуе лъугьараб щиб, дуе ккараб щиб?
Ургьимес унтанин къватIив вахъине?
Дуда батараб щиб, дуе щвараб щиб,
Квачан вуго абун диагноз лъезе?
Щибго унтун гьечIин гIагарлъиги тун,
Дуе рекIеда хIал киса бачIараб?
Доб Астраханалде сапарги бухьуун,
Пепеливаниялъ щиб дуй лъугьараб?
Мурад кин божилел дурр гIажалалдаЮ
ГьедигIан сихIирго мун гIодов лъолеб?
Мурад кин гIунтIилел дурр унтуда нахъ,
ГьедигIан макруго чорхолъ бессараб?
Яги бердай гIураб дурр гIамалалда,
ГIумру-яшавги тун свапар бухьигне.
Пал-квердай рекIараб магIишаталда,
Кинидахъ лъимал тун къватIив вахъине.
ГIалхуда тIанчIигун цохIо чан гIадин,
Тана гурии дуца хирияй лъади.
Сундего квер хъвазе йиччаларилан,
Гурищ Мурад нужер къотIи букIараб?
Яс гурхIулей йигин якьад къварилъун,
Вас кодосан анин эмен къварилъун,
Чехь унтулеб бугин эбел къуркъудун,
Кинаб къимат Мурад гьелъие къелеб?
Хун гьечIо мун жеги дурр Маликае,
Киниялда йиго дада ахIулей,
КигIан ахIданиги, балагьаниги,
Кисанго дурр гьаракь рагIулеб гьечIо.
Хун гьечIо мун жеги МухIамадие,
НуцIа къирщанщинахъ вортулев вуго.
КигIан эмен щвезе балагьаниги,
РакI чучун къвал базе мун вачIунаро.
Хоб бихьун гурони божунев гьечIес,
ЦIвабзай салам кьола дуда бицине.
Дуца ракI бахъарав дурр гьитIинав вац,
Салимида чучун, къвал бан гIодула.
Дур гIагарай лъади угьдулей йиго,
Ургьиб бугеб щибго бицунеб гьечIо.
Дудехун бикьизе цо гIарза буго,
Байбихьи гьабуни лъугIинго гьечIеб.
Дур хирияй гьудул гIодулей йиго,
Каранда лъимал къан къваридго йиго.
Гьелъул керемалда дард цIикIун буго,
Ккараб къварилъиялъ юхIулей йиго.
Аллагьас щивасе къуватги кьейги,
Бихьараб хIехьезе сабруги кьеги.
Виччай гьав Мурадги доб Алжаналде,
Къадаралъ даража тIадеги борхун.
Чанги бахIарзги тараб дунивал,
Щукру хун дуй гIазаб кьеларо Мурад,
Дунял ккезеги дуй лъимал кьун руго,
Ахираталдаги мун вохун тайги.

## Ветераназде

Цо буран хъуялъул гъугъай рагIула,
ДандерижигIадин гIундузда жакъа.
Кьурабалъ цоцахъе бачулеб гIадин,
Лъабкъоялда анцIго соналъи сверун.
Огь бихьугеги къо,къогеги талихI,
БачIунгеги баллагь,ккогеги хъатIа.
Нилъер ирсилазда,бихьизе хъвараб,
Жакъадги гьелъ нилъер ракI пашманлъулеб.
Жеги бакъван гьечIо,бухIараб магIо,
Ккараб балагьалъул,гьеб хъатIаялъул.
Жеги лъугIун гьечIо бухIараб хIухьел,
Гьеб къварилъиялъул,гьеб гIазабалъул.
Дун вуго ирсилав ветеранасул,
Дун гьав лъималазда гаргалев вуго.
Гьаб Америкалъул законалда гъорлъ,
Эркенго рукIине,рес кин щварабан?
Огь эркенлъи абун вай рекъел абун,
Нилъ тушбабаздасан цIунизе абун.
Гьаб дунял квегъизе вахъарав Гитлер,
КигIан къерхьаниги,бергьенлъи квечIев.
Гьеб баллагьалъ нахъ чIвана,кьоги баччана,
ГIазабги хIехьана,талихI батана.
Амма лъикI хIал хьана ветераназда,
Къого- миллион чи,нахъе руссинчIо.
Гьаб рагьулъ гIахьалал ветераназул,
Каранда даларал орден медалаз.
Героязул цIваяз,гьезул погоназ,
Бихьуларищ вацал,тIолабго захIмат?
Жакъад гьел херлъана,хвел гьечIел вацал,
Гьаб рагъ гьез нилъехъа,эркенго тана.
Дицан лъималазлда,васи гьабуна,
Гьезул нух балагьун,цере айилан.
Нужгоги торхлъуге цо-цо гIолилал,
Эркенлъуда щванин,рессалда ругин.
Заман хисунбугин халкъ сверун бугин,
Дол ветераназул срок лъугIун бугин.
Заман добго буго,нилъ дозул руго,
Нилъ дозул нухдаса рорчIарал руго.
Гьезул лъалкIда хадуб хал хвечIонани,
Нилъ гъоркьехун ина къосун ратила.
ТалихI къурав хвалилъ хутIарал ракьлилъ,
Бихьарасда лъала Сибиралъул хIал.
Хобалъ бугеб Алжан,ракьалдеги цIан,
Къункърагилъун зодихъ тIерхьарал вацал.
Гьаб дунялги нилъехъ доб Алжанги нилъехъ,
Гъоркьехун ракьалда гьезул бакI гьечIо.
Гьезул бакI борхалъухъ,хъахIилаб зодихъ,
Бищунго гIагарлъухъ Аллагьасдехун.

## Президент ЦIамагIурив

Борхатаб ЦIамагIури-цIумазул ВатIан,
ЦIаруе рекъараб борхатаб тIалъи.
ТIадехун халкъ цIалеб талихIалъул ах,
Чан мурад дурр бугеб тIубазе ккараб?
Умумул ричIчIулев, гIадат бокьулев,
МугIрузухъ гIашикъав, кIкIалахъ урхъарав.
ТIармилги бетIергьан, пурцил цевехъан,
Шамил имамасул ссидул хъаравул.
Диналъул рацIлъуде халкъ гъолеб гьалбацI,
Гьеб гуребищ баркат бищун кIудияб?
Гьаб Дагъистаналъул чохьолаб унтул,
Чара-дарманалъул кIудияв тохтур.
Иманги цIикIарал, лъайги бегIерал,
ЛъикIлъиги гIемерал, хIалтIулъги цIакъал,
Сундего гIунтIараб халкъ буго жакъа,
БутIрузулги бетIер, мун нижер имам.
Бищун камилаб гIуж Кремлиялда ун,
Кепалде бачула дуца халкъ нухда.
Путинилгун лъикIаб хурхенги гьабун,
ГIунтIизе гьарула Россиялда нахъ.
ЦIумазулги пачахI, бодул цевехъан,
Борхалъи хирияв нижер космонавт.
Мун гъоркье рещтIараб къо бачIунгеги,
ЦIвабзахъ гама гIадав нижер Рамазан!

**Айзанат ДАВУДОВА.**
**Кутлаб росу.**

*спорт*

# Турнир по мини-футболу под эгидой «В единстве наша сила»

**В селе Укал Тляратинского района с 31 июля по 1 августа проходил районный турнир по мини-футболу под эгидой «В единстве наша сила», посвященный юбилею Главы РД Рамазана Абдулатипова, сообщили РИА «Дагестан» в администрации муниципалитета.**



**В турнире приняли участие 28 футбольных команд из разных сел района.**

Организаторами турнира выступили администрация Тляратинского района и руководство спортивной школы имени Б. Ибрагимова.

В открытии турнира приняли участие заместитель мэра города Каспийска Джамал Абдулатипов, директор учебного центра СОБР-М, депутат молодежного парламента при Махачкалинском городском Собрании Зубаир Абасов, председатель комитета по спорту, туризму и делам молодежи города Махачкалы Марат Ибрагимов и руководство Тляратинского района.

«Подобный футбольный турнир станет традиционным для нашего района, и руководство района будет всячески содействовать проведению различных спортивных турниров как по футболу, так и по другим видам спорта, что, несомненно, будет способствовать воспитанию спортивного и здорового духа тляратинцев», – сказал глава района Раджаб Раджабов.

По итогам турнира первое место заняла команда села Цемар, второе место у команды села Бетельда и на третьем месте расположилась команда села Кардиб.

Командам-победителям были вручены грамоты, медали и денежные призы от спонсоров и организаторов турнира, а команде-победителю также был вручен специальный переходящий кубок турнира.

**Пресс-служба**
**администрации района**



*цIиял харбал*

**Гъале рагIалде бахъана нилъер районалда МФЦ(многофункциональный центр) рагьиялъул хIалтIи. КIиабилеб августалда цIияб МФЦялъул зданиялда цебе тIобитIана гьеб официалияб къагIидаялъ хIалтIизе биччаялъул кIудияб данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасгицин.**





# ЛъаратIа МФЦ рагьана

МФЦялъул здание нилъер районалда базе байбихьана гъоркьисеб соналдаса нахъе. Гьеб бан лъугIун, хIалтIухъабиги росун, нухмалъулевги тун, гIадамал къабулгьарулел рукIана гьенир кIиабилеб август щвелалдего. Амма лента къотIиялъул тадбир нахъе бахъун букIана республикаялъул бетIер районалде щвезегIан.

Данделъи бачине цеве вахъана районияб собраниялъул депутатазул председатель ГIабдула ГIабдулаев. Гьес тIоцебе гьалбазе саламги кьун, баркала кьуна цIияб МФЦялъул здание барал хIалтIухъабазе ва гьелъие квербакъи гьабуразе.

Данделъияда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасги бухьеналъулгун телекоммунакациялъул министр Юсуп МалламухIамадовасги ва гьединго районалъул жамагIаталъ ва нухмалъиялъ. Рамазан ГIабдулатIиповас баркана районцоязда цIияб МФЦ рагьи ва



гьелъул бугеб кIваралъулгун кумекалъул.

Гьесул орагIабазда рекъон, киса-кибего республикаялда цебетIезабизе ккола электронияб культура, гьеб ккола «Эффективное государственное управление» абураб приоритетазул программаялде гъорлъе унеб хIалтIи. Гьелдаса батIи-батIияб кумек буго, гIицIго гIадамазе бигьалъаби рукIин гуреб, хъулухъчагIазулгун, ришватчагIазулгун халкъалъул бухьен дагьлъизабула масала МФЦялъ тIуралел ишаз. БатIи-батIиял идарабазда ругел цо-цо гIарац босулел ришватчагIазухъе гIадамал щвечIого рукIине рес кьолеб буго МФЦялъ. Гьеб мехалда цо кинаб бугониги кумек щолеб буго коррупциялда данде къеркьеялде. Гьаб сагIаталда тIолабго республикаялда хIалтIулеб буго кинабнигши 52 МФЦ. Гьезул буго кIудияб кумек халкъалъе жидерго гIарацги заманги цIунизе. Исанасеб соналъул ахиралде щвезегIан республикаялъул 90% халкъалъе щвезе буго рес МФЦялдаса кумек босизе.

КIалъазе цере рахъана гьединго районалъул бетIер Ражаб Ражабов, бухьеналъулгун телекоммуникациязул министр Юсуп МалламухIамадов, республикаялъул МФЦялъул директор ГIусбан Хасбулатов ва гь.ц. Гьез гьединго бицунеб букIана цIиял технологияздаса босизе бегьулеб пайдаялъул ва кумекалъул.

ЦIияб зданиялда цебе лентаги къотIун, районалъул МФЦялъул директор АхIмад Рамазановас бихьизабуна киназдаго цIияб центр хIалтIулеб къагIида, гьесул рагIабазда рекъон МФЦялъ гьабсагIаталда тIубалеб бугила 250 батIияб хIалтIи.

Гьединаб тIадегIанаб даражаялда тIобитIана ЛъаратIа цIияб МФЦ рагьиялъул тадбир.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**

*мажлис*

# Байил Шайихасул хабада зиярат

**7 абилел августалда Гьебгъуда росдала аскIоб Байил Шайихасул хабада аскIоб тIобитIана гIалимзабазул мажлис. Араб соналъго гIадин, гьениб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас.**

Районалъул нухмалъиялъ гIемераб халкъги бакIарун араб соналъ цIигьабун букIана Шайихасул хабада сверухъ бакI. ЦIиял





скамейкаби лъун, тIаса маххги ккун гIадамазе гIодор чIезе, мажлис гьабизе бакI къачIан буго. Мажлис бачунеб букIана Дагъистаналъул динияб комитеталъул нухмалъулев МухIамад ГIабдурахIмановас. Гьес гьоркьо-гьоркьор Къуръаналъул аяталги рачун, махщалида бачунеб букIан данделъи.

Цеве вахъун исламияб гIелму-лъай тIалаб гьабиялъул бугеб кIваралъул вагIзанасихIат гьабуна Дагъистан республикаялъул муфтиясул ишал тIуралев Магьди-хIажи МутагIилов ва гь. ц.

Гьединго мажлисалда гIахьаллъи гьабуна МахIачхъалаялъул Централияб мажгиталъул имам ИдрисхIажи Асадулаевас, ЛъаратIа районалъул имам МухIамад ГьитIиновас ва гьел гурел цогидал гьалбаз.





**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 31.08.2016
Заказ ________________